O'ZBEKSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTIRLIGI

AJINIYAZ ATINDAG'I NO'KIS MA'MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTETUTI

TABIYATTANIW HA'M GEOGRAFIYA FAKULTETI
BIOLOGIYANI OQITIW METODIKASI KAFEDRASI

5110400 "Biologiyani oqitiw metodikasi" qa'niygeliginin' 4 a kurs studenti Turebaeva Gu'lbaxar Marat qizinin'
"Qaraqalpaqstannin' gemostatik o'simlikleri, tiykarlarinin' biomorfologiyaliq o'zgeshelikleri ha'm terapevtikaliq a'hmiyeti" degen temadag'i

# *BAKALAVR PITKERIW QA'NIYGELIK JUMISI*

Ilimiy basshi: B.i.k. dots. O. Temirbekov
Kafedra baslig'i: B.i.k. dots. M. Baltabaev

Kafedranin' 2015-jili 7-may ku'ngi o'tilgen ma'jlisinde dodalanip jaqlawg'a jiberildi. №10 is qag'azi.

No'kis-2015

## Mazmunı

Kirisiw……………………………………………………………………..3

I.Qaraqalpaqstan Respublikasının` fizikalıq-geografiyaliq sıpatlaması............................................................................6

II. Qaraqalpaqstan Respublikası florasındag`ı tiykarg`ı gomeostaz (qan toqtatıwshı) o`simlikler...................................................................................................10

III. Tiykarg`ı qan toqtatıwshı o`simliklerdin` biologiyalıq o`zgeshelikleri.........................................................................16

Juwmaq...............................................................................................................50

Tekstte keltirilgen terminlerdin` tu`sindirme so`zligi…………………………..……………………………………..…...51

Paydalanılg`an a`debiyatlar……….………………….………………………..54

***Watanimizdin` keleshegi, xalqimizdin` erten`gi kuni, milletimizdin` ja`ha`n sherikligindegi abiray – itibari en` da`slep perzenlerimizdin` o`nip - o`sip, ulg`ayip, qanday insan bolip o`mirge kirip bariwina baylanisli. Biz bunday o`tkir haqiyqatliqti hesh qashan umitpawimiz kerek.***

***Islam Karimov***

# Kirisiw

**Temanın` aktuallıg`ı, onin makseti xam uaziypalari.** O`zbekstan Respublikasının` sonın` quramında Qaraqalpaqstan Respublikasının` g`arezsizlikke erisiwi o`z aymag`ımızda jaylasqan ha`rqanday ta`biyiy baylıqlardın` xorın anıqlap,olardı ilimiy tiykarda u`yrenip,xalıq ma`pine paydalanıwg`a bag`darladı.Ta`biyiy baylıqlardın` bir bo`legi bolg`an o`simlik baylıqların u`yreniw,olardın` ta`biyiy xorın anıqlaw,xalıq xojalıg`ının` ha`r tu`rli tarawları ushın shiykizat. Da`ri-da`rmaq ha`m mallarg`a ot –jem jetkerip beriwdin` tiykarg`ı deregi bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstan ta`biyatı ha`m onın` o`simlik baylıqları ilimpazlardı uzaq jıllardan beri qızıqtırıp kelmekte.Bulardan E.P.Korovindi, İ.İ.Granitovtı, O.N.Korovinanı, İ.F.Momotovtı, S.E.Erejepovtı, O.T.Turemuratovtı, X.Zaripovtı, A.Allaniyazovtı, D.Seydemetovtı, M.T.Tadjitdinovtı, A.B.Baxievtı. S.Dauletmuratovtı, P.Xalmuratovtı, P.Ta`jimuratovtı, G.Sabirovtı, B.Sarıbaevtı, B.Sh.Sherbaevtı, J.Saparniyazovtı h.t.b. atap o`tsek boladı.Olar paydalı o`simliklerdin` ta`biy xorın u`yreniw menen birge,ayırım o`simliklerdin` biologiyasın paydalı qa`siyetlerin u`yrenip,ju`da` a`hmiyetli o`simliklerdi ma`deniy sharayatqa` beyimlestiriw jumısları menen de shug`ıllanıp keldi.

165 mın` kvadrat kilometrge iye bolg`an Qaraqalpaqstan Respublikasının` tiykarg`ı bo`legin joqarı sapag`a iye bolg`an mal otı,da`rilik,terini iylewde qollanıwg`a bolatug`ın, boyaw alınatug`ın,efir mayı,smola ha`m basqada paydalı qa`siyetke sonın` ishinde gomeostatikalıq qa`siyetke iye bolg`an o`simliklerde quraydı.

Bizin` eramızdan 6 mın` jıl burın adamlar o`simliklerden ha`r tu`rli keselliklerdi emlewde qollanıwdı baslag`an.

Jerles babalarımız adamlardag`ı keselliklerdi emlewde birinshi gezekte o`simliklerden paydalang`an. Abu Mansur Buxariy o`zinin` «A`piwayı da`riler haqqında toplam» degen kitabında ko`pg`ana o`simlikten islengen da`rilerdi ko`rsetip o`tken.

Entsiklopedist alım, jerlesimiz Abu Rayxan Beruniy «Siydana» degen kitabında ta`riplegen 1116 tu`r da`rinin` 750 tu`ri o`simlikten alıng`anlıg`ın ko`rsetken.

Abu Ali İbn Sina o`zinin` «Tib qonunları» degen du`nyag`a belgili kitabında keselliklerdi emlewde qollanılatug`ın da`rilerdin` basım ko`pshiligi o`simliklerden alınatug`ınlıg`ın jazg`an.

O`simliklerden taza tu`rindegi da`rilerdi alıw X1X a`sirden baslap o`zlestirile baslandı.

Farmatsevtikag`a teren` miyneti sin`gen alım,professor A.F.Gammermannın` ko`rsetiwine qarag`anda ha`zirgi waqıtta sintetikalıq da`ri jetistiriwdin` gu`llep rawajlanıwına qaramastan,o`simliklerden alınatug`ın da`dilerdin` a`hmiyeti ha`zirgi da`wirde artıp barmaqta ha`m keleshektede toqtawsız artıp barıwı so`zsiz.

O`simliklerdin` da`rilik qa`siyeti olardın` gomeo statikalıq ha`m seaktivlik qa`siyetlerine baylanıslı ekenligin M.D. Mashkovskiy (1975) ha`m İ.E. Akopov (1958)., (1977) ko`rsetip o`tken.

Gomeostaz – xayma – qan – statis – jag`day, xalat degen grek so`zlerden alıng`an bolıp, qannın` ag`ıwın toqtatıw degendi bildiredi.

Sedativ – sedativus – tınıshlandırıwshı degen latın so`zinen alıng`an bolıp, tınıshlandırıwshı da`ri degen so`zdi an`latadı.

Qan toqtatıwshı o`simlikler haqqında izertlew jumısları onsha ko`p emesligi belgili. İ.E. Akopovtın` 1977-jılı jazılg`an «Krovoostanavlyayusheya» degen orıs tilindegi miynetinen basqa izertlew jumısları berilgen ilmiy miynetti elege shekem ushıratpadıq. Qaraqalpaqstan florası ushın bunday arnawlı izerteleu jumısları alıp barılmag`an. Sog`an baylanıslı bizin` floramızdın` bahalı paydalı o`simliklerge bay ekenligin esapqa alıp, Qaraqalpaqstan «formatsiya» birlespesine Respublika xalqının` den sawlıg`ının` saqlanıwına ha`m tikleniwine payda keltiriwshi omeostatik qa`siytke iye bolg`an o`simliklerdi qıdırıp tawıp olardın` dizimin ko`rsetiwdi aldımızg`a maqset etip qoydıq. Bull maqsetke erisiw ushın to`mendegi wazıypalardı belgiledik.

1. İ.E.Akopovtın` (1977) miynetinde ko`rsetilgen 502 tu`r o`simlikti n` Qaraqalpaqstan florasında qansha tu`ri bar ekenligin anıqlaw. Olardın` tuqımlasın, tuwısın ha`m tu`rin anıqlap tarqalıw shegarasın ko`rsetiw.

2. Floramızda o`setug`ın a`hmiyetli gomeostatikalıq o`simliklerdin` botanikalıq sıpatlamasın beriw.

3. Ju`da` a`hmiyetli ha`m floramızda ken` tarqalg`an gomeostatikalıq o`simliklerdin` biomorfologiyalıq, fiziologiyalıq ha`m ekologiyalıq o`zgesheliklerin ko`rsetiw menen birge terapevtikalıq qa`siyetlerin anıqlaw.

**Jumistin axmiyeti.** Orınlanıwı tiyis bolg`an bull jumıs Respublikamızda birinshi ma`rte orınlanıp atırg`anlıqtan izertlew na`tiyjesinde alınatug`ın mag`lıwmatlar ilmiy ha`m a`meliy a`hmiyetke iye boladı. İzertlew na`tiyjesi Respublikamız «Formatsiya» birlespesine

perspektivalıq a`hmiyetke iye bolg`an gomeostatikalıq qa`siyetke iye o`simliklerdi emlew praktikasına usınıw ushın tan`laydı.

**Temanı orınlawda qollanılatug`ın usıllar.** Bakalavr qa`nigelik pitkeriw jumısın orınlawda İ. Beydemannın` «Metodika izucheniya fenologii rasteniy i rastitel`nıx soobshestv» (1974), morfologiyalıq o`zgeshelikler İ. G. Serebryakovtın` «Morfologiya vegetativnıx organov vısshix rasteniy» (1952), Al.A. Feodorov ham basqalardın` «Atlas po opisatel`noy morfologii vısshix rasteniy» (1956; 1962), tu`rlerdin` terapevtikalıq a`hmiyeti A.F. Gammermannın` «Farmakagnoziya» degen miynetlerinen paydalanıladı.

## I. Qaraqalpaqstan Respublikasının` fizikalıq-geografiyalıq sıpatlaması.

Qaraqalpaqstan territoriyası (aymagı) 165 mın $km^2$ ge ten. Onda 1 million 600 mınnan aslam xalık jasap 15 adminstrativlik rayonga bolingen.

Qaraqalpaqstan aymagı botanikalık geografiyası rayon boyınsha tomendegishe bolingen: Ustyurttin Qaraqalpaqstan bolimi, Kızılkumnın Qaraqalpaqstan bolimi xam Amiudar`ya alabı. Biz tomende usı tiykargı ush rayonga sıpatlama beremiz.

### Ustirttin` Qaraqalpaqstan bo`limi

Bul rayon Shıgıstan Aral tenizi, Tuslik shıgısta Konırat rayonı, Turkmenistan, Arkada Kazakstan, Batısta Kaspiy menen shegaralangan 7 million gektar jerdi iyeleydi. Ustyurt platosı Aral tenizine xam Amiudar`ya kuyarlıgına tik tusip turgan janbauırdan ibarat. Ustyurttin biyikligi teniz betinen 100-300 metr balentlikte. Ustyurtte keuip kurgagan koller, takırlar, Sam dep atalgan kum, Aspantay shorlıgı, Barsakelmes kebirligi, Karabauır tobeligi xam baskalar jaylaskan.

Ustyurttin tabiyatı keskin kontinental` jazda ıssı, kısta suuık boladı. Ustyurtte udayı kushli samal bolıp turıp, onın tezligi 200m/sek., jetedi.

Ustyurttin arkasında suuıksız kunnin uzaklıgı 155-156 kunge sozılsa, tuslik boleginde 196 kunge shekem baradı. Ustyurt platosında atmosferadan tusetugın ıgallılık 90-120 mm. bolıp, tiykarınan guzde xam baxarde kop jauadı. Ustyurte jer astı suuları suu menen tamiynleudin tiykargı deregi esaplanadı. Suu 6-20 metr terenlikten kudıklardan shıgarılıp kollanıladı. Bul kudık suularının xammesi dushshı suu bolmasa da ayrım jerlerde ishiuge jaramlı kudıklar ushırasadı.

## Qızılqumnın` Qaraqalpaqstan bo`limi

Bul fizikalık-geografiyalık rayon Arka-batıs Kızılkum dep atalıp, 3,5 million gektarga iye boladı. Bul rayon Arkada Aral tenizi menen, Arka-shıgısta Kazakstan xam Ozbekstan menen, Tuslikte xam Tuslik-batısta Amiudar`ya alabı, Batısta Amiudar`ya del`tası menen shegaralangan. Bul rayon kopshilik jerlerde orkeshlengen kumlardan ibarat. Onda ayırım jerlerde tobeshikler jaylaskan (mısalı, Beltau). Olardın biyikligi teniz betinen 70-80 metrden aspaydı. Kızılkumnın kopshilik maydanın Janadar`yanın eski angarı iyeleydi. Kopshilik maydanda osimlikler ospegen mayda taslar menen jabılgan taslıklar iyeleydi. Tuslik shıgısta Sultanuayıs (Karatau) tau dizbegi jaylaskan. Onın biyikligi 485 m. Nuratau Sultanuayıs tau (Karatau) ayemgi polezoy porodasına jatadı. Ol jerdin topıragı kumshauıt topırak xam taslaklı. Bul jerde suu 6-60 metr terenlikte jaylaskan. Kızılkum jaylauların onimli paydalanıu maksetinde juzlegen artezian kudıklar kazılgan. Bul artezian kudıklardın kopshiligi dushshı suu. Dushshı suu zapasının kop bolıuı bul jerde jazı kısı sharuanın jaylasıp, xatteki madeniy dakıllardı egip alıu imaniyatın beredi. Bul jerdin klimatı kurgak, keskin kontinental`. Chaban kazgan metiostantsiyasının maglıumatına karaganda bul jerde jıl boylık ıssılık 10-12$^0$ S kuraydı. Jokarı ıssılık jazda +41,5 +45$^0$ S ga jetip, kısta -22 -28$^0$ S nı kuraydı. Bul jerde arktikadan esken suuık samal irkilmey keliu mumkinshiligine iye bolganlıktan kısı suuık boladı. Jerdin ar menen kaplanıu uaktı 8-22 kundi kuraydı. Daslepki kar Oktyabr`-Noyabrde jauıp en keyingi kar may aylarında da boladı. Bul jerde jıllı kunler 157-190 kundi kuraydı. Jauın shashınnın mugdarı Ustirtke karaganda birkansha kobirek jılına 67-135 mm boladı. Bul territoriya, topırak geografiyalık rayonlasıu boyınsha kum, sur topırak xam sur guren topıraklarga bolinedi.

## A`miwda`r`yanın` quyar alabı

Bul aymak arkada Aral tenizi menen, Batısta Ustirt penen, Tuslik batısta Turkmenstan menen shegaralangan. Bul rayon bir tegis  Aral tenizi tarepine azgana kıya jaylaskan, kalganı suugarılatugın eski xam Jana kanallar menen tilkilengen.

Bul rayon geomorfologiyalık jaktan ekige bolingen koler, togaylıklar menen bant bolgan egiske jaramsız territoriya, ekinshisi egislik jerler. Egislik jerlerden paxta xam salı atızları auıl xojalıgının baska onimlerin mal sharuashılıgı belgili orındı iyeleydi. Bul territoriyada onsha biyik bolmagan tobeshikler Qusqanataw, Qrantaw jaylaskan.

Bul aymaktın tiykargı suu deregi jer astı suuları xam jer usti suuları esaplanadı. Bul aymakta dar`yanın shep jagasında burıngı Lenin atındagı kanal, Raushan kanalı, on arepinde Qızketken kanalları jaylaskan. Jer astı suuları 2-6 metr terenlikte jaylaskan. Jer astı suularının jer betine jakın jaylasıuı auıl-xojalık eginlerinin rauajlanıuına keri tasir etpekte, sogan baylanıslı jer astı suwlarının qaddin paseytiu boyınsha har kıylı kurılıs isleri alıp barıldı, asirese izeykesh qazıu isleri.

Amudar`ya alabı keskin kontinental` klimatka iye. Jazı uzak, kurgak, arkanın samalı tasirinde suuık bolıp keledi. Shımbay metiostantsiyasının korsetiuinshe xauanın ortasha jılıu temperaturası 9,5-11,8$^0$ kuraydı. Joqarı temperatura 42,1$^0$ iyul` ayında koringen. En suwıq temperatura yanvar`da -26,7$^0$ koriledi. Daslepki kırau oktyabrde  bolıp en keyingi suuık aprelde otedi. Bul aymakta jıl boylık ıgallık ortasha 100,7 mm di kuraydı. Igallıqtın basım kopshiligi baxar aylarına turı keledi. Topıraqtagı qumlı ham kumshauıt azıqlık elementlerge jarlı. Bul topıraqlarda topıraqtın duzlılıgı suwgarıw jiyiligine baylanıslı ozgerip otıradı.

Amudar`ya alabında duzlı kebirler ushrasıp olardın anagurlım Ken maydandı iyeleydi. Bunday kebirlerdin ozine xarakterli osimlikleri bolıp, olar kebirdegi duzlardın baska jaklarga tarkalmay turıuına tasirin tiygizedi. Bunday osimliklerge xar kıylı sora turleri, akbas, karabarak, kermek xam baskalardı atap otsek boladı.

Solay etip Qaraqalpaqstan aymagının jaylasıuı onın topırak klimat jagdayı, sholistan osimliginin osiui ham rawajlanıwı ushın, sonın ishinde astragal tuwısı turlerinin gullep rawajlanıwına qolaylı tabiyat sharayatqa iye.

## II. Qaraqalpaqstan respublikası florasındag`ı tiykarg`ı gomeostaz (qan toqtatıwshı) o`simlikler.

İ.E.Akopov o`zinin` «Qan toqtatıwshı o`simlikler» degen kitabında (1977) 502 tu`r o`simlikti keltirip o`tken. Ol o`simlikler 286 tuwısqa, 97 tuqımlasqa birlesken. Solardan 59 tu`r (11,7%) quramalı gu`lliler tuqımlasına, 55 tu`r (10,9%) erin gu`lliler tuqımlasına, 34 tu`r (6,7%) rozagu`lliler tuqımlasına 29 tu`r (5,7%) ayıwtabanlılar tuqımlasına, 28 tu`r (5,5%) grechagu`lliler tuqımlasına, 20 tu`r (4%)sobıqlılar tuqımlasına, 11 tu`r (2,2%) liliyagu`lliler tuqımlasına, 10 tu`r (2%) zirikler (barbarisler), 10 tu`r (2%) geranlılar tuqımlasına kiretug`ınlıg`ın anıqlag`an. Basqa tuqımlaslarda qan toqtatıwshı qa`siyetke iye o`simlikler ju`da` az ushırasqanlıqtan olardı ajıratıp ko`rsetpegen. Avtor ayırım o`simliklerdin` qan toqtatıwshı qa`siyetlerinen basqada qa`siyetke iye ekenligin ko`rsetip o`tken. Sonın` menen qatar ol 122 tu`r o`simliktin` qan toqtatıwshı qa`siyetinen basqa qa`siyetke iye bolmaytug`ınlıg`ın keltirip o`tken.

Biz to`mende İ.E.Akopovtın` ha`m basqada ilimpazlardın` (Erejepov, 1978) miynetlerine tiykarlang`an tu`rde Qaraqalpaqstan respublikası florasında ushırasatug`ın tiykarg`ı gemostaz (qan toqtatıwshı) o`simliklerdi keltirip o`temiz (keste-1).

Keste-1

**Qaraqalpaqstan florasındag`ı tiykarg`ı gemostaz o`simliklerdin` dizimi.**

| Tuqımlas ta`rtibi | Tuqımlas | Tuwıs | Tu`r |
|---|---|---|---|
| 1. | Caesalpiniaceae tsezal`pinler | Gleditschia L | Gleditschia triacanthus L – a`piwayı gledichiya |
| 2. | Capparidaceae L - kapersler | Capparis L – gewil (kovul) | Capparis spinosa L – tikenli gewil |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 3. | Chenopodiaceae L – soralar | Salsola L – solyanka | Salsola Richteri Karel (Rixter solyankası) cherkez |
| 4. | Asteraceae L - quramalıgulliler | 1) Achillea L – mın`japıraq | Achillea nobilis L – hasıl tekli mın`japıraq |
| | | 2) Artemisia ledb –juwsan | Artemisia vulgaris L – sassıq quwray |
| | | 3) Calendula L – tırnaq gul | Calendula officinalis L - da`rilik tırnaqgul |
| | | 4) Centaurea L - vasilek | Centaurea Centauriam L – kekire |
| | | 5)HelichrysumMill – bessmertnik | Helichrysum arenarium L – Moench. Qum bessmertnigi |
| | | 6) Inula L – andız | 1).Inula caspica Blume – Kaspiy andızı |
| | | | 2).Inula multicaulis Karel - ko`p paqallı andız |
| | | 7)Pulicaria Gaerth – bloshnitsa | Pulicaria gnapalodes (Vent) Boiss bloshnitsa |
| | | 8) Erigeron L – sıyır quyrıq | 1).Erigeron Canadensis L quray |
| | | | 2).Pulicaria vulgaris 9)Gaerth – bloshnitsa prostertaya |
| | | 9) Senecio L – krestovnik sarıbas sho`p | Senecio subdentatus Ledeb – sarıbas sho`p |
| | | 10) Xanthium L – oshag`an | Xanthium strumarium L – oshag`an |
| | | 11) Onopordon L – tatarnik | Onopordon acantium L – tikenli tatarnik |
| 5. | Cruciferae – atanaq gulliler | 1).Brassica L – kapusta | Brassica oleraceae L–palız kapustası (karam) |
| | | 2).Capsella L – shopan qalta | Capsella bursa pastoris L – shopan qalta (jag`-jag`) |
| | | 3).Deskurainia L sıyırquyrıqlar (shuvarak) | Deskurainia Sophia L – sıyır quyrıq |
| 6. | Cupressaceae L – kiparisler | Biota L – biota | Biota orientalis Endl – shıg`ıs biotası. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| 7. | Ephedraceae L – qızılshalar | Ephedra L – qızılsha | 1).Ephedra distachia L – eki masaqlı qızılsha . |
| | | | 2).Ephedra equisetina Bunge – qırqbuwıng`a uqsas qızılsha |
| | | | 3).Ephedra lomatolepis Schrenk qızılsha |
| | | | 4).Ephedra prrewalskii Starf – prjeval`skiy qızılsha |
| | | | 5).Ephedra strobilaceae Bunge shishkalı qızılsha |
| 8. | Equisetaceae L - qırıqbuwınlar | Equisetum L - qırıqbuwın | 1)Equisetum arvense L – atız qırıqbuwını |
| | | | 2)Equisetum ramosissimum Dest qırıqbuwın |
| 9. | Biebersteiniaceae J.Agardh – bibershteinler | Biebersteinia Steph – bibershteiniya | Biebersteinia multifida DS - ko`p bo`lekli bibershteyniya (g`arg`a tuyaq) |
| 10. | Poaceae barnhart – masaqlılar | 1).Botriochloa O. Kuntze – borodach | Botriochloa ischaemum (L) Kenig–qan toqtatıwshı borodach |
| | | 2).Imperata Cyr – imperata | Imperata cylindrisa (L)Beauv – tslindr ta`rizli imperata |
| | | 3).Zea L - ma`kke | Zea mays L - ma`kkejuweri (ma`kke) |
| 11. | Lamiaceae Lindley – eringu`lliler | 1).Lycopus L – zyuznik | Lycopus europaeus L – Evropa zyuznigi |
| | | 2).Nepeta L – kotovnik | Nepeta cataria L – pıshıq kotovnigi (zufo) |
| | | 3).Scutellaria L – shleynik | Scutellaria galericulata L – qalpaqshalı shleynik |
| 12. | Fabaceae Lindley – sobıqlılar | 1).Arachis L – araxis | Arachis hypogaea L – jer jan`g`aq |
| | | 2).Trifolium L – klever` | Trifolium repens L – jabayı jon`ıshqa |
| | | 3).Alhagi L – jantaqlar | Alhagi pseudalhagi (Bieb) Desy. – jantaq |
| 13 | Hiliacae Juss. – | Allium L – piyaz | Allium cera L – bas piyaz |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | liliyalılar | | |
| 14 | Lythraceae St-Hilaire – derbennikliler | Lythrum L – derbennik | Lythrum Salicaria L - qa`dimgi derbennik |
| 15 | Zygophyllacae – palatılar | Malacocarpus Fisch.et.Mey | Malacocarpus crithmofolius |
| 16 | Malvales – tuymegu`ller | Althaea L – altey | Althaea armeniaca Ten. – armyan alteyi |
| | | 1).Gossypium L – g`awasha | 1).Gossypium barbadenseh – mısır paxtası |
| | | | 2).Gossypium hirsutum L – upland |
| | | 2).Robinia L – robiniya | Robinia pseudoacacia L – jalg`an akatsiya |
| 17 | Nymphaeacea Salisb – Kuvshinkalılar | 1).Nymphaea L – kuvshinka | Nymphaea candida J.Presl – aq kuvishinka |
| | | 2).Nymphar Smith - kubıshka | Nymphar lutea (L) Smith. – sarı kubıshka |
| 18 | Pedaliaceae L – gu`njiler | Sesamum L – gu`nji | Sesamum indicum L – xind gu`njisi, shıg`ıs gu`njisi |
| 19 | Plantaginaceae L – atqulaqlar | Plantago L – atqulaq | Plantago lanceolata L – lantset japıraqlı atqulaq |
| 20 | Polygonaceae Juss. - grechagulliler | 1).Polygonum L – gorlets | 1).Polygonum aviculare L – qus tarısı, qızıl tarı, qızıl tasma (uzb.) |
| | | | 2).Polygonum persicaria L – gorlets pochechuynıy |
| | | | 3).Polygonum scabrum Moench – dag`al gorlets, qızıl tarı |
| | | 2).Rheum L – reven` | Rheum tataricum L – tatar reveni |
| 21 | Portulacaceae Juss. – semiz otlar | Portulaca L - semizot | Portulaca olerace L – semiz sho`p |
| 22 | Punicaceae – anarlar | Punica L - anar | Punica granatum L – anar |
| 23 | Rosacae L – rozagulliler | Rosa L – roza | Rosa canina L – shipovnik |
| 24 | Tamaricaceae L – jın`g`ıl | Tamarix L – jın`g`ıl | Tamarix ramosissima Ledeb – qızıl jın`g`ıl |
| 25 | Salicaceae – tallar | 1)Populus L – | 1).Populus alba L – aqterek |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | terek | 2).Populus nigra L – qaraterek |
| | | | 3).Populus pyramidalis Ros. – aq terek (mırza terek) |
| | | 2)Salix L – tal | Salix alba L – aq tal |
| 26 | Solanacaea – iytju`zimler | 1).Hyoscyamus L – mın`diuana | Hyoscyamus niger L – mın`diuana |
| | | 2).Solanum L – iyt ju`zim | Solanum nigrum L – iytju`zim |
| 27 | Typhaceae L - qog`alar | Typha L – qog`a | Typha minima Fynk – jeken qog`a |
| 28 | Urticaceae Juss. – krapivalar | Urtica L – krapiva | Urtica dioica L – eki u`yli krapiva |
| 29 | Vitaceae L – ju`zimler | Vitis L – ju`zim | Vitis vinifera – ju`zim |
| | 29 | 53 | 66 |

№1- keste mag`lıwmatına qarag`anda Qaraqalpaqstan respublikası florası qan toqtatıwshı o`simlikke bay bolmasa da, qan toqtatıwda jaqsı ta`sirge iye bolg`an belgili o`simliklerdin` bar ekenligi anıqlandı. Olar jabayı ha`m ma`deniy florada ken` tarqalg`an.

Solay etip, bizin` floramız 29 tuqımlasqa 53 tuwısqa kiretug`ın 66 tu`r qan toqtatıwshı o`simliklerge iye. Bunday qa`siyetke iye bolg`an o`simlikler quramalı gu`llilер tuqımlasında ko`p bolıp, olar bul qa`siyetke iye bolg`an barlıq o`simliklerdin` 16,4% quraydı. Tuwıslar arasında gemostatik qa`siyetke iye o`simliklerdin` ko`pligi boyınsha qızılsha (Ephedra L) tuwısı ajıralıp turadı (7,4%). Qalg`an tuwıslarda bunday qa`siyetke iye o`simlikler 2-5% ten aspaydı.

Qaraqalpaqstan respublikasının` botanikalıq –geografiyalıq territoriyası boyınsha gemostaz o`simliklerdin` tarqalıwı №2 kestede ko`rsetilgen.

Keste №2

**Qaraqalpaqstan respublikasının` botanikalıq-geografiyalıq territoriyası boyınsha gemostaz o`simliklerdin` tarqalıwı.**

| | Ustirit | Qızılqum | A`miwdar`yanın` quyar alabı | Usturt Qızılqum | Usturt A`miwdar`yanın` quyar alabı | Qızılqum A`miwdar`yanın` quyar alabı | Usturt Qızılqum A`miwdaryanın` quyar alabı |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| sanı | 7 | 1 | 41 | 3 | 8 | 1 | 4 |
| payızda | 10,4 | 1,5 | 61,2 | 4,4 | 12,0 | 1,5 | 5,1 |

№2 keste mag`lıwmatı boyınsha gemostatik o`simlikler A`miwdar`ya alabında ko`p ushırasıp respublika florası boyınsha bul qa`siyetke iye bolg`an o`simliklerdin` 61,2% quraydı. Ju`da` a`hmiyetli ,qan toqtatıw qa`siyetine iye bolg`an o`simlik , qum bessmertnigi tek g`ana Qızılqumda ushırasadı (1,5%).

Gemostatik o`simlikler barlıq tirishilik formalarda ushırasıp, ko`pligi boyınsha ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlikler (37,3%), bir jıllıq o`simlikler (28,3%) ajıralıp turadı (keste-3).

**Keste №3**

**Qaraqalpaqstan florasında qan toqtatıwshı o`simliklerdin` tirishilik formaları boyınsha tarqalıw da`rejesi.**

| Lianlar | Daraqlar | Putalar | Yarım putalar | ko`p jıllıq o`simlikler | Eki jıllıq o`simlikler | Bir jıllıq o`simlikler |
|---|---|---|---|---|---|---|

| | | | | | | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| sanı | % | sanı | % | sanı | % | sanı | % | sanı | % | sanı | % | sanı | % |
| 1 | 1,5 | 8 | 12,0 | 9 | 13,4 | 1 | 1,5 | 25 | 37,3 | 4 | 6,0 | 19 | 28,3 |

Ko`pshilik o`simliklerdin` jer u`sti organları gemostatik qa`siyetke iye bolg`anlıqtan olardı a`meliy maqset ushın qollanıwda ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlikler ayırıqsha a`hmiyetke iye. Sebebi olardın` jer u`sti biomassası jer astı organlarına zıyansız tu`rde jıynap alınıp turılsa, ta`biyiy flora kompleksine zıyansız tu`rde ekonomikalıq shıg`ınlardı tejegen halda qan toqtatıw shiyki zatlarına turaqlı tu`rde iye bolıw imkaniyatın beredi.

## III. Tiykarg`ı qan toqtatıwshı o`simliklerdin` biologiyalıq o`zgeshelikleri

Qan toqtatıwshı o`simliklerdin` ko`pshiligi basqa da paydalı qa`siyetke iye bolg`anlıqtan, ayırımlarının` biologiyası jeterli da`rejede u`yrenilgen, al ayırımları a`hmiyetli ma`deniy eginler esaplanıladı. Biz floramızda ken` tarqalg`an, kompleks paydalanıw qa`siyetine iye bolg`an o`simliklerdin` botanik sıpatlamasın, biologiyalıq – fiziologiyalıq o`zgesheliklerin, al ayırımlarının` bioximiyalıq ha`m terapevtikalıq qa`siyetlerin ko`rsetiwdi maqul dep esaplaymız.

***Capparis Spinoza L***. – gewil, o`zbekshe kovul. Ko`p jıllıq yarım puta deneli, pa`legi to`selip o`siwshi tikenekli o`simlik. May – iyun` aylarında gu`llep, iyul` – avgust aylarında miyweleydi.

Onın` gu`li ha`m g`umshası 0,32% rutin, 150 mg% kvertsetin, 150 mg% S vitamini, saponin ha`m boyaw zatlarına iye boladı. Miywesinde 12%

ke shekem qant, 23-57mg% ke shekem S – vitamini, efir ha`m maylarg`a, basqada komponentlerge iye boladı.

Gewildin` arialı ju`da` ken` bolıp, ol Orta Aziya ha`m Qazaqstannan basqa Orta jer ten`izine ha`m İndiyag`a shekem tarqalg`an. Ol taslı ılaylı, shor topıraqlı, taw janbawırlarında, da`r`ya boylarındag`ı jıralrda o`sedi.

Gewil yarım puta bolg`anlıqtan paqalınan qaptalg`a eki metr uzaqqa shekem jetetug`ın shaqalar jayıladı. Onın` japıraqları u`lken bolmag`an domalaq yamasa ellips formada boladı. Japıraqları qısqa japıraq sabag`ı menen paqalg`a birikken ha`m birikken jerinde tiken tu`rinde prelisnikler boladı. Jekke gu`lleri japıraqlardın` qoltıg`adı. Gu`li 5-8 sm diametrge iye. Gu`ldin` ren`i da`slep aq ren`de, gu`llep bolg`annan keyin qızıg`ısh ren`de boladı. Miywesi uzınsha – jemiske uqsag`an 2 sm uzınlıqta jasıl ren`de boladı. Pisiw waqtında to`rt bo`lek bolıp, tawlang`an qızıl ren`de al tuqımları qon`ır ren`de boladı. Bul o`simliktin` ashılg`an miywesi dekorativ qa`siyetke iye. Miywesinin` qaynatpası gemorroydı emlewde qollanıladı.



Рис. 81. Каперсы

***Salsola richteri Karel.*** – cherkez. Ol iri puta Orta Aziyadag`ı qumlı sho`listanda, Qızılqumda, Awg`anstanda ha`m İranda o`sedi.

Bul o`simlik sho`listang`a biyimlesken, shaqalı, qon`ır ren`ge iye. Japıraqları iyne ta`rizli sur jasıl ren`de boladı. Sog`an baylanıslı onın` suwdı parlandırıwı ju`da` az mug`darda boladı. Tamır sisteması jaqsı rawajlang`an bolıp, topıraqqa teren`ge ketip, ıg`allı qatlamda ku`shli shaqalanıp o`sedi. Cherkezdin` gu`li mayda, ko`rimsiz, joqarıda jaylasqan japıraqlardın` qoltıg`ında boladı. Miywesi qızg`ısh ren`de qanatlang`an. Samal ja`deminde miyweler tarqalıp onlag`an km uzaqlıqqa jetedi. Cherkezdin` miywesi da`ri retinde, olar tolıq piskennen keyin jıynap alınadı (sentyabr-noyabr`). Bul

o`simlikke birinshi ret P.S.Massagetov kewil awdarıp, onın` ximiyalıq quramın izertlep ,1% ke jaqın alkaloidqa iye ekenligin anıqladı. Alkaloidtın` tiykarın qan basımın to`menletetug`ın salsolin ha`m salsolidin quraytugın anıqladı. Onın` gipoteziv qa`siyeti qan tamırına tikkeley ta`sir etiwinen ha`m qan tamırın ken`eytip, taraytıp turıwshı orayg`a ta`sir etiwienen boladı. Bunnan basqa salsolin awrıwdı qoydırıwshı ha`m tınıshlandırıwshı qa`siyetke iye.



Рис. 37. Солянка Рихтера.

***Achillea nobilis L*** - hasıl tekli mın`japıraq, o`zbekshe buymodoron. Bul ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik tamırı to`selip o`siwshi, tamır moynınan ko`p g`ana ju`da` mayda tilkimlengen lantset ta`rizli japıraqlar payda etedi. Paqalı shaqalanbag`an 20-30 sm uzınlıqta boladı. O`simlik o`zine ta`n iyiske iye. İyun` ayınan sentyabrge shekem gu`lleydi onı da`ri shiyki zat retinde gu`llew waqtında tayarlaydı. Japıraqları axillein alkaloidına (0,05%) iye. Ol suwda jaqsı eriydi. Onda efir mayı, teri iyi zatları, smola, asparagin, nitratlar, organikalıq kislotalar, karotin, S. K vitaminleri bar.

Bul o`simliktin` qan toqtatıwshı ha`m jaranı tez arada joq etiw qa`siyetin birinshi ma`rte Dioskorid belgilep o`tken. XV-a`sirlerde Rossiyada bul o`simliklerdin` shiresi murınnan qan aqqang`a qarsı qollang`an. Keyinshelik bul o`simlik ha`r tu`rli qan ketkenge qarsı qollanıla baslang`an. Bul o`simlik qan toqtatıwshı qa`siyetinen basqa gipertoniyag`a ha`m nerv keselligine qarsı sedativ qa`siyetinin` bar ekenligide belgilenip o`tilgen (İ.E.Akopov, 1977; S.Dawletmuratov, 1992). Bul o`simlik halıq meditsinasında ko`p g`ana keselliklerge qarsı isletilmekte.



***Carsella byrsapastoris (L) Medic*** – shopan qalta, o`zbekshe jag`-jag`. Bul ju`da` ken` tarqalg`an da`rilik o`simliklerdin` biri. Ol en` eski da`rilik o`simliklerden esaplanıladı, yag`nıy ol a`yemnen Gretsiya ha`m Rim vrachlarına belgili bolg`an. Orta a`sirlerde onı Evropada qan toqtatıwshı da`ri sıpatında paydalanılg`an. Og`an qızıg`ıwshılıq birinshi jer ju`zlik urıs waqtında ju`da` artıp ketti.

Shopan qalta (jag`-jag`) atanaq gu`lliler tuqımlasına kiredi. Ol bir jıllıq sho`p deneli o`simlik. Boyı 20-50 sm biyiklikke jetetug`ın paqalı shaqalang`an o`simlik. Onın` japırag`ı ko`binshe tamır moynınan shıg`adı. Japıraqları uzın lantset ta`rizli pu`tin, yamasa teren` qırqılg`an, japıraq sabag`ına qaray a`stelik penen kishireyip baradı. Olar rozetkag`a birikken. Paqaldag`ı japıraqları otırmalı oq jaydın` og`ına uqsag`an paqaldı orap jaylasıdı. Gu`lleri mayda, aq 4 atanaq ta`rizli jaylasqan gu`l japıraqlarınan turadı. Miywesi keri u`sh mu`yeshli sobıq. Ol aprel` aylarınan kesh gu`zge shekem gu`lleydi. Shopan qalta ju`da` ken` tarqalg`an o`simlik onın` ken` tarqalıwının` tiykarg`ı sebebi ko`p tuqım beriwshiligi bolıp esaplanadı. O`simliktin` bir tu`bi 60 mın`nan aslam tuqım beredi. Bul o`simlik bir vegetatsiyalıq ma`wisimde 4 a`wlad beredi. Tuqımı o`sip turg`an o`simliktide ha`m jan`a tuqımnan ko`gerip shıqqan o`simliktide bir waqıtta ushıratıwg`a boladı. Shopan qalta o`simligin da`rilik maqsetinde gu`lley baslag`anda ha`m gu`llep turg`anda barlıq jer u`stingi bo`legin keptirip tayarlaydı.

Shopan qaltanın` jer u`stingi bo`legi ramnoglikozid- gissopin $C_{28}H_{32}O_{14}$ dubil zatların, fumar, alma, limon ha`m vino kislotaları, xolin, atsetilxolin, tiramin, askorbin kislotasın saponinler ha`m alkoloidlardı o`zinde saqlaydı. Tuqımında az g`ana gorchitsa mayı ha`m 28% ke shekem qa`dimgi may boladı. B.P.Tokinnin` ko`rsetiwi boyınsha onın` japırag`ı fitontsid aktivligine iye.

Shopan qalta ilimiy ha`m xalıq meditsinasında qan toqtatıwshı da`ri sıpatında ken` qollanıladı. Bir qansha avtorlardın` (Akopov, Belyavskaya, Klenova) ko`rsetiwine qarag`anda shopan qaltanın` nastoykasının (eritpe) iyt, tıshqan, ha`m qoyan denesine jibergende qannın` toqtatıwın tezletiw menen birge onın` ag`ısın pa`seytken. Shopan qaltadan alıng`an da`riler ishtegi qannın` ag`ıwın toqtatıw menen birge o`kpe, bu`yrek keselliklerine qarsı a`sirese jatırdag`ı qan ketiwge qarsı qollanıladı (Gammerman ha`m basqalar 1976).

Ayrım jerlerde bul o`simliktin` japırag`ı salat islewde, borsh ha`m sorpa tayarlawda awqatlıq maqsetinde qollanıladı.



***Equisetum arvense L*** – qırıq buwın. Qırıqbuwınlar tuwısna kirip joqarı sporalı o`simliklerden esaplanadı. Spora payda etiwshi paqalı jer astı tamır paqalınan gu`zde payda bolıp, kelesi ba`ha`rde tezlik penen o`siw qa`siyetine iye boladı. Sporalar to`gilip bolg`annan keyin paqalı tez o`sip ketedi ha`m sol tamır paqaldan jazg`ı vegetativ paqalı payda boladı. Onın` du`zilisi spora payda etiwshi paqalg`a uqsamaydı. Olardın` boyı anag`urlım ba`lent bolıp, jasıl ren`de boladı. Onda jen`ishke ko`p g`ana shaqalar paqalda mutovka payda etip jaylasadı. Shaqaları japıraqsız buwın aralarında tisli qınlar jaylasqan. Shaqaları jen`il u`ziletug`ın buwın aralıqlarınan turadı. O`simlikti sıypalap ko`rgende kremnizemg`a toyıng`an bolg`anlıqtan qattı ha`m tırnalg`anday bolıp seziledi. Spora payda etiwshi shaqa ha`m vegetativ shaqalar jıl sayın jer astındag`ı tamır paqaldan payda bolıp otıradı. Taza o`simlik ju`da` a`ste o`sedi. Basqa sporalı o`simlikke uqsap da`slep sporadan mayda zarostoklar jetiledi. Olardın` birewlerinen ma`yek kletkalar payda bolsa, basqalarınan spermatozoidlar payda boladı. Qırıq buwın 5%ke shekem saponin evizetoninge iye. Onnan basqa alkaloidlar- nikotin, evizetin, izokvertsetin ha`m 5-glikozidlyuteonin,vitamin S karotin, alma, akonit, atqulaq kislotalarına iye. Ol 16% belok, 3,5% may dubil zatlarına, smolag`a iye. Bul o`simlikten babasırdan ha`m jatırdan qan ketkende onı toqtatıw ushın paydalanadı. Bulardan basqa ol qan taspa keselliklerine ha`m ateroskleroz keselligine, tuberkulezdın` ayrım formalarına qarsı qollanıladı (N.G.Kavoleva 1971). O`simlikten taza alıng`an shire jaralardı emewde qollanıladı. Onın` spirttegi eritpesi bawır isigine, asqazan isigine, ishten qan ketiwge, murınnan qan ketiwge qarsı qollanıladı (İbn Sina, 1990). Bul o`simlik ilimiy meditsinada (Gammerman ha`m basqalar, 1976) ha`m xalıq

meditsinasında ken` qollanıladı (Xolmatov, Xabibov ,1976). Onın` jazg`ı shaqaları hawada keptirilip da`rilik maqsetke isletiledi.



Рис. 89. Хвощ полевой.

***Bieberstcinia multifida D.C. – qanteper.*** Ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik. Onın` tamırı tu`ynekke uqsag`an. Paqalı 15-20 sm uzınlıqta, uzın

tu`kler menen qaplang`an. Japıraqları 3 ma`rte tilkimlengen uzın, o`tkir ushlı, japıraqshaları otırmalı, japıraq tu`binde prilistnikler bolıp, olar juqa klyonkag`a uqsag`an qon`ır ren`de. Gu`lleri barmaq ta`rizli. Olar paqal ha`m shaqa ushlarında jaylasqan. Gu`l japıraqları sarı qızıg`ısh. Aprel may aylarında gu`llep iyun-iyul` aylarında miyweleydi. Ol Usturtte ching jıralarında ushırasadı.

Keptirilgen tu`ynekke uqsag`an tamırı 30% ke jaqın dubil zatlarına, saponin zatlarına iye boladı. Onda uglevodlar 30% ke shekem bolıp, onnan basqa efir maylarıda tabılg`an. Tamır tu`yneginin` qaynatpası asqazan keselligine ha`m tuwılg`annan keyin qan ketiwde qarsı qollanıladı. (Xolmatov, 1964). Tamır tu`yneginin` qaynatpasının` iytlerdin` qanının` uyıwına ta`sirin İ.İ.İbragimov u`yrenip, onın` qandı uyıwına joqarı aktivlikke iye ekenligin anıqlag`an.

***Zea mays L - ma`kke***. Ma`kke bahalı azıq-awqat o`simligi bolıp qalmastan, onın` da`rilik qa`siyeti ju`da` joqarı bahalanadı. Ma`kke boyı 3 metrge jetetug`ın g`a`lle o`simligi. Paqalı juwan uzın ken` japıraqlarg`a iye. Atalıq gu`lleri o`simliktin` ushında sipsege uqsag`an gu`l toplamında jaylasqan. Analıq gu`li japıraq qoltıg`ındag`ı sotalarda (pochatkalar) otırmalı tu`rde jaylasqan. Sotaları u`lken juqa qag`azg`a uqsag`an bir qansha japıraq qınları menen qaplang`an. Analıq gu`lleri ko`p g`ana uzın salbırag`an analıq u`stinlerinen turadı. Ma`kke da`ninin` endospermasında – kraxmal, al iri zarodıshı – may toplaydı. Ma`kkenin` analıq u`stinleri meditsinada «ma`kke rıltsası» yamasa «ma`kke shashag`ı» dep ataladı. ma`kke shashag`ı keptirilgennen keyin sarı qon`ır ren`ge iye boladı.

Ma`kke shashag`ı ekstrakt, poroshok, tabletka, shay tu`rinde qandı toqtatıw ha`m o`tti ju`rgiziw ushın qollanıladı. Onın` qandı toqtatıw qa`siyeti ondag`ı K vitamininin` ko`pligine baylanıslı. 10 gr ma`kke shashag`ı qaynatılg`an bir stakan suwg`a salınıp shay tu`rinde ha`r 3 saattan bir as

qasıqtan ishiriledi. Ma`kke mayı jaqsı maylar qatarına jatadı. Ol aterosklerozdın` aldın alıw ushın ha`m onı emlew ushın qollanıladı. Sebebi ol qandag`ı xolsterinnin` mug`darın pa`seytedi.

Ma`kkenin` analıg`ı 25% ke shekem mayg`a iye boladı. Onda efir mayları, smola zatları, saponinler, kriptoksantin, askorbin kislotası, vitamin K, inozit, vitamin $V_1$, $V_2$, nikotin kislotası ha`m ju`da` az mug`darda basqada zatlar tabılg`an. N.V. Pavlovtın` ko`rsetiwine qarag`anda ma`kke analıg`ınan islengen ekstrakt bawırdag`ı taslardı eritedi. N.G. Kovalevanın` (1971) anıqlawı boyınsha ma`kke shashag`ı bawır ha`m o`t qaltasının` keselliklerine qarsı ja`ne sedativ preparat sıpatında da qollanıladı. Ma`kke shashag`ı pal menen qosıp qaynatılg`anı o`kpe tuberkulezına qarsı qollanıladı. (V.G.Nikolaeva, 1964).

***Lycopuc europaeus L* – evropa zyuznigi, o`zbekshe xorok**-ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik,ıg`allı jerlerde, jap, salma, ko`l, dar`ya boylarında ushırasadı. Tamır paqalı jip ta`rizli, paqalı 80 sm biyiklikke shekem jetedi, jalan`ash, ju`da` siyrek, kelte tu`kler menen qaplang`an, 4 qırlı, japıraqları uzın lantset ta`rizli ju`da` qısqa japıraq sabaqshalarına jen`ishkerip birikken. Gu`lleri ko`p sanlı, bizge uqsag`an gu`l qası japraqlarına iye. Gu`l kese qon`ırawg`a uqsag`an, gu`l japıraqları qırqılg`an 4 bo`lekke bo`lingen, aq sarı, miywesi teris ma`yekke uqsag`an, jalan`ash. Tashkent oblastında o`setug`ın Evropa zyuznigi arteriyalıq ha`m venozlıq gipoksiyanı azaytıw qa`siyetine iye. Jıl boyı qan quramın normada uslap turadı. Qalqan ta`rizli bezdin` ko`lemin azaytıp, bug`aq keselliginin` payda bolıw imkaniyatın azaytadı (Akopov, 1977). Ol jatırdan qan ketiwge qarsı qollanıladı.

***Sphaerophysa salsula (Pall) D.C.* – partıldawıq, lepshura, o`zbekshe shıldırbash.** Ko`p jıllıq sho`p deneli boyı 1 metr keletug`ın paqalı tu`kli o`simlik. Japıraqları izbe-iz taq pa`r siyaqlı. Gu`lleri qızıl kist gu`l toplamında jaylasqan. Miywesi tompaq uzınsha sharg`a uqsag`an, onın`

ishinde mayda tuqım jaylasqan sobıqtan ibarat. Al duzlı topıraqlarda, qumlı topıraqlarda, dar`ya boylarında egislik jerlerdin` a`tirapında o`sedi. Onın` paydalanatug`ın bo`legi jer u`stingi organları esaplanadı. Bul o`simlikten P.S.Massagetov birinshi ma`rte sferofizin alkaloidın 1944-jılı taptı ha`m onı ajıratıp aldı. Bul alkaloid mediinada ken` qollanıladı. Sferofizin shiyki zatı 0,4% ke shekem alkaloidqa iye bolıp onın` tiykarın suwda ha`m spirte jaqsı eriytug`ın sferofizin ($C_{10}H_{22}N_{44}$) quraydı. Sferofizin benzoat duzı kristall tu`rinde ajıratılg`an. Sferofiza yag`nıy partıldawıq tuwg`annan keyin qan ketiwde ha`m jatırdın` tolg`aq payda etpegen waqtında jasalma tu`rde tolg`aq keltiriwde qollanıladı. Sferofizin a`stelik penen turaqlı tu`rde arteriya qan basımın pa`seytedi. Da`rilik shiyki zat retinde partıldawıqtın` jer u`stindegi gu`llegen bo`legi tayarlanadı. Zavodqa kelgen shiyki zat sferofizinnin` benzoy kislotası tu`rinde gipertoniyada ha`m akusherkalıq – ginekologiyalıq jumıslarda qollanıladı.



*Рис. 21. Сферофиза солонцовая.*

***Trifolium pratense L – jabayı jon`ıshqa, o`zbekshe sebarga.*** Ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik tamırı teren`ge ketip, paqalının` uzınlıg`ı 50 sm ge jetedi. Gu`li qızg`ısh, qızıl domalaq, sobıg`ı bir tuqımlı, ma`yekke uqsag`an. Onın` japırag`ı ha`m paqalı sinil` kislotasın payda etkenlikten jaylawlarda mallardın` za`ha`rleniwi ushırap turadı. Ol jaz boyı gu`llep turadı. Da`rilik maqsetinde onın` gu`l toplamı ha`m japıraqları isletiledi. Onın` japırag`ı qan toqtatıwshı ha`m jaranı tez joq etiwshi qa`siyetke iye. Kesilgen taza jaranın` u`stine ezilgen jabayı jon`ıshqanın` japırag`ın tartıw etken. Onın` gu`l toplamınan qaynatpa islep jatırdan qan ketkende ishtiredi (Nikolaeva, 1964). Xalıq meditsinasında onın` qaynatpası menen jaralardı juwadı. Taza ezilgen japıraqları jaranın`, isiktin` u`stine qoyılıp, olardı joq qılıwda qollanıladı. Japıraqtan ezip alıng`an shire taza tu`rinde zolotuxanı emlew ushın isletiledi (Xalmatov, 1961).



***Gossyptum barbadense L*** – **g`awasha, o`zbekshe g`uzo, mısır g`awashası.** Bir jıllıq, boyı 1-2 metr keletug`ın, paqalı ku`shli shaqalang`an, japıraqları 3 yamasa 5 salalı o`simlik. Japıraqları izbe-iz jaylasqan, japıraq sabag`ına iye. Gu`lleri aktinomorf, diametri 6-7 sm, japıraq qoltıg`ında uzın gu`l ayag`ı arqalı jaylasqan. Gu`l kese japırag`ı jasıl, eki qabat, sırtındag`ısı 3 erkin japraqshadan, ishindegisi birikken 5 tisli. Gu`l japırag`ı bo`lek-bo`lek jaylasqan. Onın` ren`i tu`rge baylanıslı bolıp, atalang`annan keyin o`zgerip turadı. Atalıg`ı ko`p bolıp,tu`tikshe tu`rinde birikken. Tu`yin joqarg`ı. Miywesi 3 yamasa 5 qanalı qurg`aq tu`ymege uqsag`an. Tuqımı ma`yek ta`rizli, ko`p, ren`i qara-qon`ır, uzın tu`kler menen qalın` qaplang`an. Tu`kleri aq ren`de. Tuqımı maylı. Bizde g`awasha barlıq rayonlarda egiledi.

Paxta talshıg`ında 95 % ke shekem klechatka boladı. Tuqımı 17-40%ke shekem yarım quriytug`ın may beredi. Tamır qabıg`ı vitamin K ha`m vitamin S, gossipol,ashshı zatlar, japırag`ı 5-7% limon ,3-4% alma kislotaları ha`m basqada birikpelerge iye, gu`lleri antotsian boyawları menen boyaladı.

Paxta tamırınan, qabıg`ınan tayarlang`an ekstrakt jatırdan ha`m ishten aqqan qandı toqtatıw ushın qollanadı (Gammerman ,1948; Dawletmuratov, 1992).

***Sesamum indicum L*** – **gu`nji.** Bir jıllıq o`simlik gu`li aq. Miywesi ko`p tuqımlı qutısha. Tuqımı aq yamasa qara ren`de boladı. Tuqımı 60 % ke shekem may beredi. Mayı sarı ren`de bolıp, olein, linol, pal`mitin, stearin, araxin ha`m lignotserin kislotalarınan turadı. Olardan basqa fitosterin, spirt, sezamin, sezamol, sezanamin, vitamin E boladı.

Tuqımnın` qaynatpası ha`m mayı ishten qan ketkende, qan tu`kirgende qollanıladı. Gu`nji mayı trombopeniya ha`m babasır keselligin emlewge qollanıladı (Akopov,1977).

***Plantago maior L*** – **atqulaq.** Bul o`simlikti Arqa Amerikanın` indeytsleri «ayaqlardın` izi» dep ataydı. Onın` tuqımı Evropadan Amerikag`a

kelgenlerdin` etigine ılayg`a jabısıp erip kelgen, ha`m bul jer tan`lamaytug`ın o`simlik Amerikag`a tarqalg`an. Bul o`simliktin` latınsha atı plantago qoyılıwının` sebebi ***planta*** latınsha ***taban*** so`zinen alıng`an. Atqulaq ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik. Onın` japıraqları tamır moynınan rozetka tu`rinde shıg`adı. Japıraqlarının` sheti tegis, forması sopaq yamasa ma`yek ta`rizli, tu`klenbegen, uzın japıraq sabaqlı. Japırag`ı 5-9 juwan tag`ag`a uqsag`an tamırg`a iye. Japıraq toplamının` ortasınan arnawlı gu`l paqalı payda boladı ha`m ko`rimsiz qon`ır gu`l toplamı menen tamamlanadı. Miywesi ko`p g`ana qutıshalardan turıp, ha`r bir qutıshada 8-16 mayda qon`ır tuqımlar jaylasqan. Bir tu`p atqulaq 60 mın`g`a shekem tuqım bergenlikten, bul o`simlikti qa`legen jerde ushıratıwg`a` boladı. Onın` tuqımı pisken waqta sırtı ızg`ar menen jabısqaq bolıp keledi. Gu`zgi jawınnın` baslanıwı menen jollardag`ı ılay menen birge etikke, mashina, arba do`n`gelegine jabısıp uzaq jerlerge shekem tarqaladı.

Onın` kerekli organı japırag`ı esaplanadı. Japırag`ı aukubin glikozidine, 40% ke jaqın dubil zatlarına, saponinlerge organikalıq kislotalarg`a karotin ha`m vitamin S ha`m vitamin K g`a iye boladı. Bul o`simlik qan toqtatıwshı sıpatında ha`m basqada maqsetlerge qollanıladı (Akopov, 1977). Erejepov 1978; Gammerman ha`m basqalar 1976).



***Polygonum aviculare L*** – **qızıltarı.** Bul shaqaları jayılıp o`sken, jin`ishke tamırlı, mayda bir jıllıq o`simlik. Basqa o`simliklerdin` arasında ol tik o`sip, boyı 30-40 sm ge jetedi. Japıraqları izbe-iz jaylasqan, ellips ta`rizli, shetleri tegis. Gu`lleri mayda, ko`rimsiz, japıraq qoltıg`ında 1-5 ke shekem otırmalı jaylasqan. Gu`l toplam payda etpeydi. Miywesi qara qon`ır g`oza. Jaz boyı gu`llep turadı. Bul o`simlik ha`mme jerge ken` tarqalg`an. Onın` gu`llep turg`an jer u`stingi bo`legi, da`ri islew ushın qollanıladı.

Bul o`simlik dubil zatların, smola, efir mayı, labonglikozid- avikularin, qant, vitamin S ha`m K, karotin zatlarına iye (Erejepov, 1978). Bul o`simliktin` qaynatpası ha`m ekstraktı qandı uyıtıw protsesin tezletedi, arteral qan basımın pa`seytedi. Xalıq meditsinasında bul o`simliktin` qaynatpası ishten qan o`tkende, kesilgende aqqan qandı toqtatıwdı qollanıladı. Qızıl tarı nastoykası iytke kg. esabına 0,1 gr ishke jiberilgende qannın` uyıwın tezletetug`ını ta`jiriybede da`liylengengen (Akopov, 1977; Dawletmuratov, 1992; Gubanov ha`m basqalar, 1976).



***Polygonum hydropiper L – suw burısh, o`zbekshe suw qalampir***. Bul o`simlik bir jıllıq boyı 70 sm. keletug`ın sho`p deneli o`simlik. Tamırı jin`ishke. Paqalı jasıl. Gu`zge qaray qızaratuwıg`ın, buwınlı, japıraqları uzın lantset ta`rizli 3-10 sm uzınlıqta, shetleri tegis, japıraq tu`binde japıraq qası o`simtesi bar. Gu`li mayda, gu`l qorg`anı 4-5 teren` talalı. Atalıg`ı 6 siyrek 8, analıg`ı 2-3 bag`anadan turadı. Gu`lleri na`zik masaqqa uqsag`an gu`l toplamına birikken. Gu`l toplam japıraqlı mayda shaqag`a jıynalg`an. İyul` ayınan sentyabr`-oktyabrge shekem gu`llep turadı. Miywesinin` bir jag`ı tompaq, u`sh qırlı, qara-qon`ır ren`de.

Jasıl japıraqlar o`tkir burısh da`mge iye. Bull da`m japıraq quwrag`annan keyin jog`aladı. Suw burıshı da`r`ya, ko`l, kanal, jap, salma ha`m batpaqlı jerlerde haram sho`p tu`rinde ushırasadı.

Suw burıshında glikozid – poligokiperin, vitamin K bolg`anlıqtan ishten qan ketkende qollanıladı. Bulardan basqa onda rutin ha`m kvertsetin az mug`darda dubil zatları ushırasadı (Gammerman ha`m basqalar 1976; Akopov 1977; Korovina ha`m basqalar 1982; Gubanov ha`m basqalar 1976).



Рис. 52. Водяной перец

***Salix alba L* – aq tal.** Biyikligi 10-15 metr keletug`ın daraq. Japıraqları iri, lantset ta`rizli, o`tkir ushlı, shetleri mayda pıshqının` tisine uqsag`an tisleri boladı. U`sti toyg`ın jasıl, astı ku`l ren` tu`kler menen qaplang`an. Aprel`, may aylarında gu`llep tuqımlaydı.

Da`ri sıpatında onın` qabıg`ı, japırag`ı, gu`l toplamı ha`m gu`lleri qollanıladı. Bull o`simlikten salitsin glikozidi alıng`an. Salitsinge taldın` qabıg`ı bay (3-4%) boladı. K. Kanttın` (1913) ko`rsetiwi boyınsha aq tal qan toqtatıwshı qa`siyetke iye delinedi. Onın` bull ko`rsetiwin İ.E.Akopovta (1977) maqullaydı. S.Dawletmuratov (1992) aqtaldın` qan toqtatıw qa`siyetinen basqa, ko`p g`ana keselliklerge em bolatug`ının ko`rsetip o`tken.

***Hyoscyamus niger L* – mın`diuana.** Bull eki jıllıq sho`p deneli o`simlik. Birinshi jılı tamır moynınan top japıraq (rozetka) payda etip, ekinshi jılı da`slep a`piwayı, son` 30-80 sm.li shaqalang`an paqal payda etedi. Japıraqları paqalda izbe-iz jaylasqan, uzınsha ma`yekke uqsag`an, ishki plastinkaları tilkimlengen japıraq sabag`ına tu`sedi. Tamır moynınan payda bolg`an japıraqlardın` uzınlıg`ı 30 sm, eni 3-10 sm. Paqaldag`ı japıraqlar otırmalı 15 sm ge shekem uzınlıqta, 10 sm ge shekem enlikke iye boladı.

Gu`lleri otırmalı da`slep paqal ushında ju`da` tıg`ız jaylasqan bolsa da, gu`llep bolg`annan keyin gu`l toplamı uzayadı. Gu`l kese japırag`ı tu`sip qalmaydı. Gu`l japıraqları birikken 5, sharshar ta`rizli tu`sip qalatug`ın japıraqlar boladı. Miywesi gu`zege uqsag`an eki uyalı ko`p tuqımlı qutısha. Onın` uzınlıg`ı 15-18 mm. Tuqımı mayda 1 mm uzınlıqta 0,75 mm enine iye boladı. Paydalanatug`ın organı japıraqlar ha`m paqalları esaplanadı. O`simliktin` barlıq organları alkaloidqa iye. Tamırında 0,18%, japırag`ında 0,1%, paqalında 0,02 %, tuqımında 0,10% ke shekem boladı. Alkaloid quramına giyotsiamin, atrofin, skopolamin kiredi. Japıraqlarında joqarı mug`dardag`ı alkaloid vegetatsiyanın` baslarında toplanadı. Alkaloidlardan basqa amorf zatlarda ushırasadı. Tuqımı 34% ke shekem mayg`a iye.

Maydın` quramın oleyin (22%), linol (71%) ha`m basqada toyınbag`an kislotalar iyeleydi.

Mın`diuana a`yemgi waqıtlardan baslap qan toqtatıwshı ha`m tınıshlandırıwshı da`ri sıpatında qollanıp kelgen. Ol qan ag`ıwdı toqtatıp, o`zinin` awrıwdı qoydırıw ku`shi menen solqıldap awırg`an awrıwdı tınıshlandıradı. Sıg`ıp alıng`an o`simlik shiresi qulaq awrıwın qoydırada. Uksus penen ha`m roza mayı menen aralastırılg`an shiresi tis awrıwın qoydıradı. Onın` tuqımnan alıng`an shireni qan taslawg`a qarsı, jatır awrıwına qarsı, qandı toqtatıw maqsetinde qollanıladı (Akopov 1977).



***Urtica dioica L*** **– eki u`yli krapiva, o`zbekshe qıshıtqı ot, chayanut.** Bull eki u`yli ko`p jıllıq o`simlik.Paqalı to`rt qırlı.Onın` japıraqları ha`m paqalı u`ydiriwshi tu`kler menen qaplang`an. Japıraqları baldaqlı, qarama–qarsı jaylasqan. Japıraq qasındag`ı o`sindiler (prilistnik) ushlı, jin`ishke lantset ta`rizli, mayda. Gu`lleri mayda jasıl ren`li. Atalıq masaqshaları tik turıwshı, analıq masaqları to`men salbırag`an. Atalıq gu`llerdin` gu`l qorg`anı 4 atalıqqa iye bolıp, to`rt bo`lekke bo`lingen. Analıq gu`ller 4 japraqshadan turıp, olar miywe menen qosılıp o`sedi. Tu`yini joqarg`ı, analıq awızı kelte otırmalı, pa`njege uqsag`an. Miywesi g`oza. İyun` ayınan baslap, gu`zge shekem gu`lleydi. Qan toqtatıwshı shiyki zat retinde tek o`simliktin` japırag`ı tayarlanadı. Onı gu`llep turg`an o`simlikten iyun` – avgust aylarında jıynaydı. Japıraq, paqal epidermislerinde tsistolitler bolıp, olar uglekisliy kal`tsiy menen toyıng`an boladı. Bull ku`ydiriwshi tu`klerdin` tu`bi juwanlasqan bolıp ishi suyıqlıqqa tolg`an olardın` kletka diywallarına kremnizen sin`dirilgen. Olar jen`il sınadı ha`m o`tkir qırları menen deneni jen`il jaralaydı. Jarag`a kletkadag`ı kislota tu`sip ku`ydiredi.

Japıraqları vitamin K, urtitsin glikozidi, dubil zatları, belok, qumırırsqa kislotasın, askorbin kislotasın vitamin V12, pantotein kislotasın, protokorferin, korfoforfelin, tsistosterin, distomin, karitinoidlar, v terikarotin, ksantofill, ksantofill epoksid, biologsantin, xlorofill zatlarına iye boladı (Akopov 1977).

Krapivanın` da`rilik, a`sirese qan toqtatıwshı qa`siyetke iye ekenligin İbn Sinoda belgilep o`tken. Ol krapivanın` ezilgen japırag`ı murınnan qan ag`ıwdı toqtatatug`ının ko`rsetken. Japırag`ının` ekstraktı ha`m taza shiresi ko`k jo`telge, podagrag`a, ku`yikke, qurqulaqqa, tamır tartıp qalıwg`a qarsı, terilerdi tu`rshiktiriw, mikroblarg`a qarsı ha`m sidik ju`rgiziw sıpatında qollanıw menen bir qatar qan toqtatıwda da qollanılatug`ınlıg`ı atap o`tilgen.



***Malacocarpus crithmifolius (Retz.) C.A.Mey.* – qanshiye.** Puta deneli o`simlik, biyikligi 1,5 metr, ku`shli shaqalang`an, shaqasının` qabıg`ı jıltır, japırag`ının` uzınlıg`ı 2-6 sm u`sh salalı tilkimlengen. Gu`linin` uzınlıg`ı 10 mm, sarıg`ısh ren`li, jin`ishke gu`l ayag`ı menen paqalg`a birikken. Miywesi qızıl jemis. Ol O`zbekstan «Qızıl kitabına» ju`da` siyrek o`simlik retinde kirgizilgen. Ol bizde U`sturtte taslı topıraqlarda o`sedi. Bull o`simliktin` ximiyalıq quramın B.Ja`rekeev izertlegen. Ha`m onda alkaloidlardın` ko`p ekenligin anıqlag`an.

Bull o`simliktin` qaynatpası ha`r tu`rli keselliklerge em bolıp qalmastan, qannın` ag`ıwın toqtatıw maqsetinde de qollanıladı. (Dawletmuratov 1992).

***Pheum tataricum L* – japıraq, tu`ye japıraq, o`zbekshe chuxra.** Ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik. Boyı 45-110 sm. tamırı ku`shli rawajlang`an, ha`r bir o`simlik bir yamasa bir neshe paqal payda etip, joqarı bo`limi shaqalang`an boladı. Tamır moynınan payda bolg`an japıraqlar iri domalaq, bu`yrek ta`rizli, uzınlıg`ı 20-25 sm, eni 50 sm, japıraq sabag`ı kelte, paqaldag`ı japıraqları maydaraq bolıp, kelte sabaqları menen izbe-iz jaylasqan. Paqaldag`ı japıraqları miywesi pisiw da`wirinde quwrap qaladı. Gu`lleri aq, shar formadag`ı sipseshe top gu`line birikken. Miywesi u`sh qırlı qızıl, qızıl-qon`ır ren`li, g`oza. Aprel – may aylarında gu`llep miyweleydi. Bull o`simlik U`sturtte, Qızıl qumda taslı, qumlı topıraqlarda ushırasadı.

O`simliktin` quramında antraglikozidler, organikalıq kislotalar, fruktoza, saxaroza, shavel, alma, limon kislotaları, boyaw zatları, antraxinonlar, flamanoidlar, vitaminler, ashıtıwshı zatlar, vitamin S, karotin, katehinler ha`m basqada zatlar boladı.

Bull o`simlikti basqa ko`p g`ana kesselliklerdi emlewdi qollanıw menen birge, qan toqtatıwshı qa`siyetinin` bar ekenligi belgilenip o`tilgen

(Dawletmuratov ha`m basqalar 1990; 1992). Bull o`simlikti ishten aqqan qandı toqtatıw ushın paydalanıwg`a bolatug`ınlıg`ı ko`rsetip o`tilgen.

***Onopordon acanthium L* – tikenli tatarnik, tu`ye tiken.** Biyikligi 60-100 sm keletug`ın eki jıllıq sho`p deneli o`simlik. Paqalı tik o`sedi. Joqarı bo`legi ku`shli shaqalang`an. Japırag`ı uzın sozılg`an yamasa pa`r ta`rizli qırqılg`an, shetleri tikenli ha`m salalı. Gu`l sebetsheleri do`n`gelek shar ta`rizli, 2,5-3 sm ashıq qızıl. Sebetshe paqaldın` ushında jaylasqan.

O`simliktin` jer u`stingi bo`limi kumarinler, inulin, plavanoidlar, saponinler, alkaloidlar, vitamin S, glikozidler, dubil zatlarg`a iye. Xalıq meditsinasında sho`binen islengen qaynatpa qannın` ag`ıwın toqtatıwshı da`ri retinde qollanıladı. Sonın` menen birge irin`li jaralardı, isiklerdi ha`m qoyanshıq keselliklerin emlewdide isletiledi (Dawletmuratov 1992).

***Tamarix ramosissima Ledeb* – qızıljın`g`ıl.** Boyı 3 metrge jetetug`ın puta o`simligi. Respublikamızdın` barlıq jerlerinde o`sedi. Olar ızg`arlı kebirde ken` tarqalg`an. May ayında gu`llep, sentyabarde miyweleydi.

Onın` ximiyalıq quramı ju`da` bay. S Dawletmuratovtın` (1992) ko`rsetiwi boyınsha tamırı 4,5 % dubil zatlarına iye. Onda alkaloidalar paqal ha`m japırag`ında kumarinler, lavanoidlar 27,3%, steroidlar, metilxolstanol, etilxolstanol, xolsterin, metilxolsterol, etilxolsterol, avenasterol, antetsionlar, kvertsetin, izokvertsetin, tamarikskversetin, tamariksin, kempferol ha`m tag`ı basqa zatlar boladı.

Onın` paqalınan tayarlang`an qaynatpa revmatizmge, sipliske, gu`linin` qaynatpası asqazan-ishek keselliklerine, en` baslısı qan ag`ıwdı toqtatıwg`a paydalanıladı (Dawletmuratov 1992).

***Erigeron canadensis L* – quray, sıyır quyrıq**. Boyı 100 sm ge jetetug`ın bir jıllıq sho`p deneli o`simlik. Paqalı tik o`setug`ın, joqarı bo`legi shaqalang`an, bez tu`kler menen qaplang`an, japıraqları nishterge uqsag`an. Sebetleri bir neshe gu`lleri mayda, diametri 3-5 mm. May –sentyabr ayında

gu`llep tuqımlaydı. U`sturtte, A`miwdar`ya alabında ken` tarqalg`an. O`simliktin` japırag`ı ha`m gu`li 0,3-0,6% efir mayına iye. Jer u`stingi bo`legi dubil zatlar, japırag`ı vitamin S, kauchuk ha`m alkaloid sintezleydi (Xamidov, Nabiev, Odilov 1987)

Bull o`simlik xalıq meditsinasında jatırdan aqqan qandı toqtatıwda qollanıladı (Dawletmuratov 1992).

***Alhagi pseudalhagi (Bieb) Desy* – jantaq**. Ko`p jıllıq sho`p deneli o`simlik. Boyı 50-110 sm. To`mendegi tikenleri qattı 7-15 mm uzınlıqta, juwanlıg`ı 1-1,5 mm. May sentyabr aylarında gu`llep, avgust – oktyabr aylarında tuqımlaydı. Gu`llew da`wirinde jer u`sti bo`limi orıp alınıp saya jerlerde keptiriledi. Jantaqta organikalıq kislotalar, qantlar, vitamin S, vitamin A, vitamin V, vitamin K, safoninler, alkaloidlar, glikozidler, lavanoidlar, dubil zatları, kumarin, efir mayları, kament ha`m tag`ı basqa zatlar boladı.

Xalıq meditsinasında jantaqtın` tamırınan tayarlang`an qaynatpa babasırdı, jaralardı emlewde, ishten qan aqqanda, qan aralas ish o`tkende, qandı toqtatıw ushın qollanıladı. Jantaqtın` paqalının` qaynatpası ha`m nastoykası fitontsitlik qa`siyetine iye bolıp, onı dizenteriyag`a, murın ha`m jutqınshaq keselliklerine, jatır moynının` eroziyasına, otitke, angenag`a qollanıladı. Jantaqtan tayarlang`an shay sho`ldi qandırıp, terdin` shıg`ıwın pa`seytedi.

## Juwmaq

Qaraqalpaqstan Respublikası florasında basqa ko`p g`ana paydalı o`simlikler menen bir qatar adam o`mirin saqlap qalıwda qollanılatug`ın qan toqtatıw qa`siyetine iye bolg`an o`simliklerde ushırasadı. Olar flora quramının` 7% nen aslamraq o`simligin iyeleydi. Yag`nıy floramızda 29 tuqımlasqa, 53 tuwısqa kiretug`ın, 66 tu`r qan toqtatıwshı o`simlikler kiredi. Bunday qa`siyetke iye bolg`an o`simlikler quramalı gu`lliler tuqımlasında ko`p bolıp, olar 16,4% ti quraydı. Tuwıslar arasında qan toqtatıwshı qa`siyetke iye o`simlikke bay qızılsha tuwısı esaplanadı . Ha`m ol 7,4 % ti iyeleydi. Tirishilik formaları boyınsha qan toqtatıwshı o`simlikler libyanlarda, daraqlarda, putalarda, ko`p jıllıq o`simliklerde, eki ha`m bir jıllıq o`simliklerde ushırasadı.

Bizde ken` tarqalg`an o`simliklerden cherkez o`simliginin` gipoteziv qa`siyeti quramındag`ı salsolin ha`m salsolidin alkaloidının` qan tamır diywallarına tikkeley ta`sirinen ha`m qan tamırını n` ken`eytip taraytıp turıwshı orayg`a ta`sirinen boladı.

Qaraqalpaqstan florasında ken` tarqalg`an shopan qalta, qırıq buwın, partıldawıq (chıldırbash), ma`kke, g`awasha o`simlikleri tek g`ana qan toqtatıw maqsetinde meditsinada paydalanıp qoymastan, azıq awqat ha`m sanaattın` basqada tarawlarında ken` qollanıladı.

Qızıl tarı (qızıl tasma) qaynatpası ha`m ekstraktı qandı uyıtıw protsesin tezletedi, arterial qan basımın pa`seytedi. Ol ishten qan ketkende kesilgen, jaraqatlang`an jerden qandı toqtatıwda paydalanıladı

## Tekste keltirilgen terminlerdin` tu`sindirme so`zligi

1. Alkaloid – adam ha`m haywanat organizmine ku`shli fiziologiyalıq ta`sir etetug`ın azot tiykarg`a iye bolg`an geterotsiklik zatlar

2. Antraglikozidler – antraxinon do`rendilerine ha`m qant komponentine tarqalıwshı organikalıq zatlar

3. Ateroskleroz –ulıwmalıq ha`m jergilikli qan aylanıstın` buzılıwınan kelip shıg`atug`ın xronikalıq (sozılmalı) kesellik.

4. Vialoksantin - o`simlik plastidasındag`ı sarı pigmenttin` bir tu`ri. Viola tricolor dın` sarı gu`l japırag`ınan alıng`an pigment bolg`anlıqtan, o`simlik atı keltirilgen.

5. Gipertoniya – organizmdegi organlar ha`m tamırlardag`ı gidrostatikalıq basımnın` artıwı.

6. Gipoksiya – kislorod ashlıg`ı. Toqımalarda kislorod jetispewshilik.

7. Gipotenziya – organizmdegi organlar ha`m tamırlardag`ı gidrostatikalıq basımnın` artıwı.

8. Gomeostaz – organizmnin` ishki ortalıg`ının` salıstırmalı tu`rde dinamikalıq turaqlılıg`ı ha`m adam, haywan organizminin` fiziologiyalıq funktsiyasının` turaqlılıg`ı

9. Dubil zatları – ayırım o`simliklerdin` kletka shiresinde bolatug`ın zatlar.

10. Zolotuxa – eskirgen, qollanıwdan shıg`ıp qalg`an so`z, ol ha`zir skrofulez benen almasıng`an. Bul termin (skrofulez) teride limfatikalıq tu`yinlerde bolatug`ın tuberkulez formaların an`latadı.

11. İnulin – kalloid eritpe tu`rinde kletka shiresinde bolatug`ın polisaxarid.

12. Karotin - o`simliklerde ushırasatug`ın qızg`ısh-qon`ır ren`li pigment.

13. Karotinoidlar – terpenler sarı ha`m qızıl ren`li pigmentler $C_{40}H_{56}$.

14. Kremnazyom – kremniydin` kislorod penen birikpesi.

15. Ksantofill - o`simlik japıraqlarında ushırasatug`ın sarı ren`degi pigment.

16. Kumarin – tsis-orto-oksikorichnıy kislotanın` laktonı.

17. Nastoyka - ha`m haywan shiyki zatlarınan qızdırıwsız ha`m kerekli zatlardı (ekstraktsiyanı) ajıratıp almastan spirtke yamasa spirtli efirli eritpede saqlang`an ekstrakt.

18. Podagra – toqımalarda duz toplanıp asqınlanıw o`zgerislerdi payda etetug`ın sozılmalı (xronikalıq) kesellik.

19. Protoporfirin - ta`biyiy azotlı pigmentlerden bolıp, gemoglobin, xlorofill ha`m fermentlerdin` beloksız bo`leginde ushırasadı.

20. Saponin - ko`bik payda etiwshi za`ha`rli zat.

21. Sedativ – psixotrop zatlardın` tınıshlandırıwshı ta`siri.

22. Smola – ximiyalıq quramı ju`da` quramalı bolg`an organikalıq zatlar.

23. Steroidlar - o`simlik ha`m haywan ta`repinen islenip shıg`ılatug`ın quramalı organikalıq zat.

24. Tabletka – presleniw jolı menen (qatırılg`an) belgili dozadag`ı da`rinin` tu`ri.

25 Trombopeniya – qanda trombotsit sanının` azayıp ketiw keselligi.

26. Tuberkulez - o`kpeni, limfa tu`yinlerin, terini, ishek, su`yek, buwın ha`m bu`yrekti isten shıg`ın tuberkulez batsillası ta`repinen kelip shıg`atug`ın infektsiyalıq kesellik.

27. Xlorofill - o`simliktegi jasıl pigment

28. Xolsterin – sterinler toparına kiretug`ın bir atomlı politsikllik spirt.

29. Fitontsid – phyton - o`simlik, lat caedo - o`ltiremen degen so`zden alıng`an bolıp, o`simlik ta`repinen islenip shıg`ılatug`ın bakteriyalardı o`ltiretug`ın zatlarg`a aytıladı.

30. Tsistolit – kletka qabıg`ının` kremnezem ha`m ha`k penen toyıng`an ishki o`sindileri.

31. Ekstrakt – eritiwshiler (suw, alkagol`, efir, h.t.b) ja`rdeminde belgili zattın` ajıratılıp suyıq da`ri preparat etip islengen tu`ri.

## Paydalanılg`an a`debiyatlar

1. Baxiev A. «Rastitel`nost` nizov`ev Amudar`i (v predalex Karakalpakskoy ASSR) ee ekologiya i dinamika. Avtoref. diss.dok.biol.nauk Tashkent ,1981.

2. Aytbaev K. Osnovnıe formatsii saksaul`nikov Karakalpakii «Biologicheskaya xarakteristika osnovnıx rasteniy Karakalpakskogo Ustyurta» Tashkent 1973

3. Akopov İ.E. (1977) Krovoostanavlivayushie rasteniya «Meditsina» Tashkent 1977 g

4. Beydeman İ. (1974) Metodika izucheniya fenologii rastenii rastitel`nıx soobshest` İzd-vo «Nauka» Sib. Otdel ANSSSR Novosibirsk 1974

5. Baxiev A., Butov K.N., Tadjitdinov M.T. Dinamika rastitel`nıx soobshestv yuga Priaral`ya v sveza s izmeneniem gidrorejima Aral`skogo basseina Tashkent, 1977.

6. Gammerman A.F. Kurs farmakognoziya medgaz Leningradskoe otdelenie ,1948.

7. Gammerman A.F.,G.N.Kadaev, Shupinskaya M.D. Yatsenko-Xmelevskiy Lekarstvennıe rasteniya İzd-vo «Vısshaya shkola», 1976.

8. Gubanov A.İ. i dr. Dikorastushie poleznıe rasteniya SSSR «Mısl» M. 1976.

7. Bondarenko O.N. 1964 Opredelitel` vısshix rasteniy Karakalpakiy Tashkent, 1964.

8. Dauletmuratov S. Xalıq meditsinasında qollanılatug`ın Qaraqalpaqstannın` ma`deniy ha`m jabayı o`simlikleri No`kis,«Bilim» ,1992.

9. Erejepov S.E. Flora Karakalpakiy ee xozyaystvennaya xarakteristika, ispol`zovanie i oxrana İzd-vo «Fan» UzSSR Tashkent, 1978.

10. Zaripov X. Qaraqalpaqstan U`stirtinin` ot-sho`p resursları «Qaraqalpaqstan» baspası No`kis ,1972.

11. İbn Sino Tib qonunlari 1-2-3 tom Tashkent, 1990.

12. Korovin E.P. Rastitel`nost` Sredney Azii i Yujnogo Kazaxstana M-Tashkent, 1961-1962.

13. Kovaleva İ.G. Lechenie rasteniyami M., 1971

14. Korovina O.N. i dr. İllyustrirovannıy opredelitel` vısshix rasteniy Karakalpakiy i Xorezma 1-2 tom İzd-vo «FAN» UzSSR Tashkent, 1982-1983

15. Momotov İ.F. Gipsofil`naya rastitel`nost`. V knige «Rastitel`noy pokrov Uzbekistana» Tashkent ,1973

16. Massagetov P.S. Poiski alkaloidonosnıx rasteniy Sredney Azii tr. VNİİLR. M. ,1947.

17. Massagetov P.S. O`simdik a`lemine sayaxat Alma-ata, «Qaynar», 1988.

18. Nikolaeva V.G. Materialı k issledovaniyu lekarstvennıx rasteniy narodnoy meditsinı Belarusi avtoref. kand.diss. Minsk, 1964.

19. Pavlov N.V. Rastitel`noe sıroe Kazaxstana M-L ,1947.

20. Sarıbaev B. Flora i rastitel`nost Vostochnogo Chinka Ustyurta Avtoref.diss.kand. biol. nauk. L.,1973.

21. Serebryakov İ.G. Morfologiya vegetativnıx organov vısshix rasteniy M.,1952.

22. Tajimuratov P. Puti uluchsheniya pastbish Ustyurta. V knige «Floristicheskie i ekologo-geobotanicheskie issledovaniya v Karakalpakii Tashkent, İzd-vo «FAN» , T.1987.

23. Tadjitdinov M.T. Butov K.N. Rastitel`nost` sovremennıx vodoyomogo Karakalpakii Tashkent, 1972.

24. Turemuratov O.T. Rastitel`nıy pokrov Severo-Zapadnıx Kızılkumov İzd-vo «FAN» AN UzbSSR, 1978.

25. Xalmuratov P. Flora Rastitel`nost` peskov Sam i Mataykum. Avtoref. kand.diss. na soysk.uch.stepeni kand.biol.nauk Tashkent, 1980.

26. Xalmatov X.X. Dikorastushie lekarstvennıe rasteniya Uzbekistana Tashkent, 1964.